ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№214 (22.372) • 2012 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 1, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Жылэ В. Хь. теухуауэ

## Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ Жылэ Валерий Хьэжмурат и къуэр нэгъэщIлажьэ зэрыкIуэм къыхэкIыу, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и яп-къуэдзэм и къудыкъуэм тегъэкIын.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

*Налшык къалэ*
*2012 гъэм жпуэгъуэм и 31-м*
*№152-УГ*

# Гъуэгухэр шынагъуэншэ тхуэщIыну?

● КъБР-м и Парламентым

**КъБР-м и гъуэгухэр шынагъуэншэу щытын папщIэ лэжьыпхъэхэм техуауэ щытыгъ Парламентым иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэр.**

ПРОМЫШЛЕННОСТЬМКIЭ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связьмкIэ комитетым и жэрдэмкIэ кьыззрагъэпэща зэхъыхьэр КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар иригъэкIуэкIащ.

- Дыщыз эхъуэсам щхьэусыгъуэ иIэщ, - жиIащ абы. - Ар ди гъуэгухэм автомашинэхэр зэрыщызекIуэ щыкIэр зэрышынагъуэрщ. Зэжьэхэуэхэм щыхухэр хокIуадэр, куэдым фэбжь хах. Транспортыр тынщу гъуэгум щытемызагъэм и щхьэусыгъуэхэр, зэран яхуэхьэр зэхэдвгъэгъэжI.

Псалъэ иратащ КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и министерствэм и ГИБДД-м и унафэщI **Яковец Алексей.** Абы кхьихгъэщащ нэгъабэ елытагъэ мы гъэм гъуэгум насыпынщагъэу кьыщыхьуар зэрынэхь мащIэр, ауэ абыи арэзы утехьуэнкIэ Iэмал зэримыIэр.

Мы гъэм и мазибгъум кьриубыдэу ди республикэм и гъэгухэм машинэ зэжьэхэуэу 582-рэ кьыщыхьуащ. Абыхэм щыхуи 137-рэ хэкIудащ, 736-м фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр хахащ. Гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр зэрамыгъэзащIэм кьыхэкIкIэ, къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм ку зэнушагъэ зылэжьахэр жэуапым зэрырашалIэ тхыльу мин 285, 5-м щигъу ятхащ. Абыхэм ящыщу гъэзэщIа хьуар мин 88, 5-м щигъущ, япшынын хуейуэ тральхьа сом мелуани 112, 3-м щыщу нобэкIэ кхыхахар зэрыхьур сом мелуан 46, 7-щ.

Зи гугъу тщIы пIалъэм кьриубыдэу КъБР-м Узышагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм щыIэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэхъуьхащIэхэмкIэ и центр» Iуэхущапм и лэжьакIуэхэр гъуэгум щыгъэжьэхэуэхэм дагъэIэпыкIыну 342-рэ яраджащ. Ахэр сэбэп яхуэхьуащ фэбжь зэмылIэужьыгъуэ зыгъэуэта щыху 443-м.

АдэкIэ псалъэ иратащ ГИБДД-м и унафэщIым и къуэдзэ **Кулиев Валерэ:**

- 2012 гъэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и автомобиль гъуэгухэр псори зэхэту километр 8579, 8-рэ хъурт, - жиIащ абы. - Километр 380, 6-м - федеральнэ, 2907, 3-м - щIыналъэ, 5291, 9-м - муниципальнэ мыхьэнэ яIэщ. КхыхэгъэщIапхъэщ, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэм ящыщу процент 49-р зэрыщытын хуейм хуабжьу пэжыжьащ. Языныкъуэ жылагъуэхэм я зэхуаку дэлъ гъуэгухэм асфальт зытемылъыкхэри яхэтщ.

Налшык къалэм и гугъу щишым кхыхигъэщащ абы уэрам зыбжанэм автотранспорт дэтыр хуэдэ 20-кIэ зэрынэхьыбзэр, абыхэм щызекIуэфыным нэхьрэ. ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм, а къалэнхэр зыщхьэщытхьжькъыкым - абыхэм ящыщ зыщ гъуэгум щызекIуэ хабзэр зымыгъэзащIэм етхьэкъунри. Сыту жыпIэмэ, хьийм икIэр кхыжьэдумыкъуэмэ, хабзэр кьизымыдзэхэр нэхъыбэж хьунущ.

КъБР -м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Бозий Натбий** жиIащ Налшык къалэм ущызекIуэныр кIуэ пэтми нэхъ гугъу зэррыхьур. «Гъуэгухэр ирагъэфакIуэми, зэпымыууэ зи бжьгъэм хэхьуэ автомашинэхэм лъэщыхьэркъым. Мы щытыкIэр кьызэрыбгъэтIэсхьэн Iэмалхэм ящыщу нобэкIэ кьэдгъэсфэн хьунухэм ящыщщ: гъуэгум щынагъуэншэу кьыщыкIухьышим теухуа гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр жылагъуэм дегъэкIуэкIыныр, маршрутым тет, зи бжьгъэкIэ куэд уней микроавтобусхэр нэхъ инхэмкIэ зэхъуэкIыныр, троллейбусхэм я бжьгъэм хэгъэхъуэныр, лъэсу кьэзыкIухьэхэм гъуэгур щызэпаупщI щыпIэхэр гъэнэйныр, языныкъуэ уэрамхэм автомашинэхэр зы лъэныкъуэкIэ фIэкIа щызэмыкIуэу кьызэгъэпэщныр, щы щIагъ щIэкIыпIэхэр хуэныр, ефауэ, егъэлеяуэ хуабжьу гъуэгум тетхэм етхьэкъуныр, машинэ зезыхуэну хуит зыщI тхьылъэр щыхуэхэм къаэзрыхьэ щыкIэм кIэлъыплъныр, гъуэгуэхуэхэм я лэжьыгъэр нэхъри егъэфIэкIуэныр», - жиIащ абы пыухыкIауэ.

ЗэIущIэм щIэсахэм зи гугъу ящIа IуэхугъуэхэмкIэ лэжьыгъэхэм теухуауэ чэнджэщ ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм, ТранспортымкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэм, Гъуэгу хозяйствэмкIэ къэрал комитетым, ГИБДД-м, Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм зыхуагъэзащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъан.**

# Тхылъ къыдэзыгъэкIэм я фIыщIэ псалъэ

**Налшык тэмэму щызэпэсльэнымкIэ Iэмалкэр зыкъэрызэригъэпэщам папщIэ фIыщIэ къыхуищIу КъБР-м и Iэтащхьэ Къэнокъуэ Арсен тхыгъэ къыхуигъэхьащ Урысейм Тхылъ къыщыдэзыгъэкIэм я ассоциацэм и президент Чеченев Константин.**

«ПЪЭПКЪ республикэхэм тхылъ къыщыдэзыгъэкIэм я апхуэдэ зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIыр зэ ззэмызэщI, абы къыхэкIыу фи деж дыщызэрызэхуэзам икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ», - къыщигъэльэгъащ тхыгъэм.

Зи гугъу тщIы зэIущIэр Урысейм Тхылъ къыщыдэзыгъэкIэм я ассоциацэм Налшык щригъэкIуэкIауэ щытащ фокIадэм и 24 - 26-хэм. Абы хэтащ Дагъыстэным, Шэшэным, Осетие Ищхьэрэм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Башкирием, Карелием, Удмуртием, Ханты-Мансийск автономнэ округым, Ставрополь крайм, Москва къалэм, я тхылъ тедзапIэхэм я унафэщIхэр, къулыкъущIэхэр. Псалъэмакъым жыджэру хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым тхылъ къыщыдэзыгъэкIхэр, ведомствэхэм я унафэщIхэр, щэнхабзэ Iуэхущапм Iэхэм я Iэщагъэлъхэр.

ЗэIущIэр егъэкIуэкIыным Iэ дэIэпыкъуэгъу хьуащ КъБР-м Цыхыбэ хъыбарегъащIэ Iуэхущапм Iэхэмкэ и къэрал комитетыр. Ар къыззгъэпэщыным жыджэру хэлэжьыхьахэщ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Уэнаев Казым, республикэм Цыхыбэ хъыбарегъащIэ Iуэхущапм Iэхэмкэ и къэрал комитетым и унафэщI Къумахуэ Мухьэдин, тхылъ тедзапIэхэм я унафэщIхэу Котляровэ Марие, Джатэжь Роэ сымэ. Ар иуха ноужь, абы хэтахэм епсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Гертер Иван.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапм.***

# Соткилавэ и пшыхь

● Щэнхабзэ

*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

**СССР-м и цIыхубэ артист Соткилавэ Зураб концерт щитащ Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм. Пшыхьыр къызэзыгъэпэщар КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэрщ, Урысейм щэнхабзэмкIэ и министерствэр къыдэIэпыкъуу. Фигу къэдгъэкIыжьыщи, Темыркъан Юрэ и цIэр зэрихьэу зэхаубла симфоние музыкэмкIэ щIыналъэ зэхуаку фестивалым хохьэ мы концертри.**

КУРЖЫ уэрэджыIакIуэм и макъ лъэщыр япэу щигъэIуар СССР-м и Театр инырщ. Бизе Жорж и «Кармен» оперэм щыхэтам щыщIэздауэ абы и пщIэм кIуэ пэтми хэхъуащ, цIыхубэм ягу дыхьащ. Зэман зэхуэмыдэхэм Соткилавэ Зураб Ла Скала, Венэ оперэм, Метрополитен-оперэм мызэ-мытIэу зыкъыщигъэльэгъуащ. УэрэджыIакIуэ Iэзэ Iэзэр Налшык япэу иджыщ къыщыIуар, ауэ ар телевиденэмкIэ фIэкI ямылъэгъуами, фIы дыдэу яцIыхуу къащыхъурт кьызэхуэсахэм.

Соткилавэ Зураб фIэхъуэкIэ налшыкдэсхэм захуигъэза нэужь, жиIащ ди республикэм и къалащхьэм концерт щитыну къызэрыхуихуам зэрыщыгуфIыкIыр.

- Гуапэу фыкъысIущIапщи, фIыщIэ фхузощI. УзыгъэгуфIэ Iуэхугъуэу къызолъытэ фестивалыр Кавказым къызэрыщызэIуахар. Сэ Мэхъэчкъали концерт щыстащ, срогушхуэ классикэ макъамэр зыхэзыщIэ, абы дихьэх цIыхухэр дызэрикуэдым, - жиIащ абы.

Концертым и япэ Iыхьэм уэрэджыIакIуэм игъэзэщIащ Рахманинов Сергей, Верди Джозеппе, Масканьи Пьетро сымя я IэдакъэщIэкIэ цIэрыIуэхэм щыщ. Абы утыку кьришащ Москва консерваторэр иджыблагъэ къыщызыуха, музыкэмкIэ зэхъуэкIуэ куэдым текIуэныгъэ къыщызыхьа, езым и гъэсэн Начкебия Маринэ. А тIум зэгъусэу жаIащ «Отелло» оперэм щыщ Iыхьэ. Соткилавэ къыхигъэщащ и лэжьыгъэм а оперэм увыпIэщхуэ зэрыщиубыдыр, абыкIэ пщIэн къызэрилэжьар.

Пшыхьым и етIуанэ Iыхьэм Зураб игъэзэщIащ испан, урыс лъэпкъ уэрэдхэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Кулиев Къайсын къызэралъхурэ нобэ илъэс 95-рэ ирокъу

# ЩIыхубэ усакIуэ

**КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал, Ленин саугъэтхэм я лауреат Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.**

КУЛИЕВ Къайсын 1917 гъэм Шэджэм Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Зи адэр пасэу зыфIэкIуэда щIалэ цIыкIум зыхищIащ гъащIэм и дыджыр. Шэджэм Ищхьэрэм къыщызэIуахагъащIэ школым 1926 гъэм щIэныскъащ, итIанэ ар щеджащ Налшык дэт педагогикэ техникумым. Школым щIэсу тхэн езыгъэжьа Къайсын илъэс 17-м щитым и усэхэр газетхэм традзэ хъуат.

1935 гъэм Кулиевыр Москва макIуэ, Луначарскэм и цIэр зезыхьэ ГИТИС-м щIотIыкъыс. Ар зэуэ щоджэ Театр, Литературэ институтхэм. 1938 гъэм СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьныгъэм хагъэхьэ. 1959 гъэм институтыр кьеуэри, Налшык кьеГъэззэк. Къэбэрдей-Балъкъэр педагогикэ институтым егъэджакIуэу щолажьэ.

«Здравствуй, утро!» зыфIища и япэ усэ тхыльыр 1940 гъэм къыдокI. А илъэс дыдэм дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ, Прибалтикэм щыIэу Хэку зауэшхуэр кьохьеи. Ар зэуащ лIыгъэрэ захуагъэрэ кьигъэльагъэуэ. А зэманым зауэм теуха усэ куэдри и къазэмыпэм къыщIэкIащ. Апхуэдизу, «В час беды», «О тех, кто не вернулся», «Перекопциклэр (1942 - 1944 гъгъ), нэгъуэщIхэри. ИужьыIуэкIэ, Сталинград фронтым Iутщ, «Сын Отечества» газетым и дзэ корреспонденту.

1943 гъэм абы и усэ тхыльыр ягъэлъагъэуат Сталин и саугъэтыр хуэфащэу къальытэу, ауэ 1944 гъэм балъкъэр пэпкъыр Хэкум щрашым, Кулиевым и Iуэхур, дауи, пхыкIакъым.

Зауэ ныужьым Хэкум къэзыгъэзэжа Кулиевым и лъэпкъэгуэхэм къатепсыха политикэ залымыгъэр щхьэкIэ щохьури, езыр-езыру Кьыргызыстан 1945 гъэм мэлэпхъэ. И усэхэр тридзэну Iэмал щимыгъуэтым, нэгъуэщI лъэпкъхэм я усэхэр куэду зэредзэкI. 1956 гъэм усакIуэм Налшык къеГъэззэк. «Раненый камень», «Книга земли», «Вечер», «Вечерний свет», «Краса земная», нэгъуэщI и усэ тхылъхэр зэкIэлъыкIуэу дунейм къытохьэ. 1957 гъэм Москва къыщыдокI «Горы», «Хлеб и роза» и усэ тхылъхэр. Ар мэлажьэ КБАССР-м, РСФСР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьныгъэм и япэ секретару.

И усэхэр зэрадзэкIащ урысыбзэ, адыгэбзэ, осетиныбзэ, нэгъуэщIбзэхэмкIэ. Октябрь Революцэ, ГуащIэдэкIым и Бэракъ ПТныжь орденхэр, «Хэку зауэшхуэ» орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр кьыхуагъэфэщащ.

И нужьрей махуэхэр Къайсын щигъэкIуар Шэджэм къалэм щиIэ и лъапсэрщ. Аращ езым и уэситкIэ ар щыщIалъхьажари. Иджы ар Кулиев Къайсын и фэеплъ музейщ. Абы щахъумэ цIыхубэ усакIуэм кьыщIэна щыгъынхэр, тхылъхэр, дэфтэрхэр, сурэтхэр. И кхъащхьэ тет фэеплъыр скульптор ТхьэкIумащIэ Михаил ищIащ.

Кулиев Къайсын и цIэр зэрахъэ Балъкъэр драматеатрым, Налшык и зы проспектым, Шэджэм къалэм и уэрамхэм ящыщ зым, и фэеплъ музейм хэту кьызэрагъэпэща псапащIэ фондым, Шэджэм Ищхьэрэ школым, Тырныауз къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм, нэгъуэщI къалэхэмрэ къэралхэмрэ щыIэ библиотекэ, уэрам, музей, школхэм. Абы и усэхэр нобэ нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми зэIэпах.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Гъэзэгухэр шынагъуэншэ тхуэщIыну?

● КъБР-м и Парламентым

**КъБР-м и гъэзэгухэр шынагъуэншэу щытын папщIэ лэжьыпхъэхэм техуауэ щытыгъ Парламентым иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэр.**

ПРОМЫШЛЕННОСТЬМКIЭ, гъэзэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связьмкIэ комитетым и жэрдэмкIэ кьыззрагъэпэща зэхъыхьэр КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар иригъэкIуэкIащ.

- Дыщызэхуэсам щхьэусыгъуэ иIэщ, - жиIащ абы. - Ар ди гъэзэгухэм автомашинэхэр зэрыщызекIуэ щыкIэр зэрышынагъуэрщ. Зэжьэхэуэхэм щыхухэр хокIуадэр, куэдым фэбжь хах. Транспортыр тынщу гъэзэгум щытемызагъэм и щхьэусыгъуэхэр, зэран яхуэхьэр зэхэдвгъэгъэжI.

Псалъэ иратащ КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и министерствэм и ГИБДД-м и унафэщI **Яковец Алексей.** Абы кхьихгъэщащ нэгъабэ елытагъэ мы гъэм гъэзэгум насыпынщагъэу кьыщыкIухьар зэрынэхь мащIэр, ауэ абыи арэзы утехьуэнкIэ Iэмал зэримыIэр.

Мы гъэм и мазибгъум кьриубыдэу ди республикэм и гъэзэгухэм машинэ зэжьэхэуэу 582-рэ кьыщыхьуащ. Абыхэм щыхуи 137-рэ хэкIудащ, 736-м фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр хахащ. Гъэзэгум зэрыщызекIуэ хабзэр зэрамыгъэзащIэм кьыхэкIкIэ, къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм щынагъуэ зылэжьахэр жэуапым зэрырашалIэ тхыльу мин 285, 5-м щигъу ятхащ. Абыхэм ящыщу гъэзэщIа хьуар мин 88, 5-м щигъущ, япшынын хуейуэ тральхьа сом мелуани 112, 3-м щыщу нобэкIэ кхыхахар зэрыхьур сом мелуан 46, 7-щ.

Зи гугъу тщIы пIалъэм кьриубыдэу КъБР-м Узышагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм щыIэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэхъуьхащIэхэмкIэ и центр» Iуэхущапм и лэжьакIуэхэр гъэзэгум щызэжьэхэуэхэм дагъэIэпыкIыну 342-рэ яраджащ. Ахэр сэбэп яхуэхьуащ фэбжь зэмылIэужьыгъуэ зыгъэуэта щыху 443-м.

Налшык къалэм и гугъу щишым кхыхигъэщащ абы уэрам зыбжанэм автотранспорт дэтыр хуэдэ 20-кIэ зэрынэхьыбзэр, абыхэм щызекIуэфыным нэхьрэ. ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм, а къалэнхэр зыщхьэщытхьжькъыкым - абыхэм ящыщ зыщ гъэзэгум щызекIуэ хабзэр зымыгъэзащIэм етхьэкъунри. Сыту жыпIэмэ, хьийм икIэр кхыжьэдумыкъуэмэ, хабзэр кьизымыдзэхэр нэхъыбэж хьунущ.

КъБР -м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Бозий Натбий** жиIащ Налшык къалэм ущызекIуэныр кIуэ пэтми нэхъ гугъу зэррыхьур. «Гъэзэгухэр ирагъэфакIуэми, зэпымыууэ зи бжьгъэм хэхьуэ автомашинэхэм лъэщыхьэркъым. Мы щытыкIэр кьызэрыбгъэтIэсхьэн Iэмалхэм ящыщу нобэкIэ кьэдгъэсфэн хьунухэм ящыщщ: гъэзэгум щынагъуэншэу кьыщыкIухьышим теухуа гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр жылагъуэм дегъэкIуэкIыныр, маршрутым тет, зи бжьгъэкIэ куэд уней микроавтобусхэр нэхъ инхэмкIэ зэхъуэкIыныр, троллейбусхэм я бжьгъэм хэгъэхъуэныр, лъэсу кьэзыкIухьэхэм гъэзэгу щызэпаупщI щыпIэхэр гъэнэйныр, языныкъуэ уэрамхэм автомашинэхэр зы лъэныкъуэкIэ фIэкIа щызэмыкIуэу кьызэгъэпэщныр, щы щIагъ щIэкIыпIэхэр хуэныр, ефауэ, егъэлеяуэ хуабжьу гъэзэгум тетхэм етхьэкъуныр, машинэ зезыхуэну хуит зыщI тхьылъэр щыхуэхэм къаэзрыхьэ щыкIэм кIэлъыплъныр, гъэзэгуэхуэхэм я лэжьыгъэр нэхъри егъэфIэкIуэныр», - жиIащ абы пыухыкIауэ.

ЗэIущIэм щIэсахэм зи гугъу ящIа IуэхугъуэхэмкIэ лэжьыгъэхэм теухуауэ чэнджэщ ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм, Транспортымкlэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэм, Гъэзэгу хозяйствэмкIэ къэрал комитетым, ГИБДД-м, Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм зыхуагъэзащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъан.**

# Дунейм щыхъыбархэр

## Iулъхъэ къеIыным зыхуишар

**Къэрал Думэм и Iуэхуэхэр зэзыгъакIуэ управленэм и кьудамэхэм ящыщ зым и унафэщIыр суд панхьэм иращну кьыщIэкIынущ.**

Москва и МВД-м зэрыщыжаIамкIэ, Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэм ар зубыдащ щыхуэIыным сом мелуаным щIигъу Iулъхьэу ящащыIихым. Къэрал Думэм и Аппаратым чэнджэщзэгъуу ирэуыну кьыгъэгъуащ аратэ ахъшэр къезытахэр. Иджы абы, и Iэнатlэр зэрыфIэкIуэдынум и мызакъуэу, илъэсипщIым нэскIэ тутнакъэщым исыну кьыгъалъхьэнкIи хьунущ.

## Иджыри еврэ мелард 20

**Зэрыхуэ финансэ щытыкIэ гугъум кьикIын папщIэ, нэхъыбэм иратахэм ашхуэдиз ахъшэ хуищIахунущ Аныджым.**

Еврозонэм хьыкъэ къэралхэм я министрхэм абы теухуа унафэр кьыщащтэну я мурадщ щэкIуэгъуэм и 12-м ирагъэкIуэкIыну зэхъыхьэм. Апхуэдэу, а къэралым нэхъапэм иратауэ щыта щIыхуэхэм техуэ процентхэри хуагъэмэщIэн, ахэр щапшынынкъэн хуей щIалэри хуагъэIэпхъуэн хуэдэуи кьагъэгугъэ. «Ауэ а псори щыхуащIэнур мылъкур зэгъэзэхуэным теухуауэ кьэралым и пщэ дильхьажауэ щыта кьалэнхэр гъэмэму игъэащIэмэщ», - жеIэ бюджет Iуэхуэхэмкlэ эксперт Фрикке Оттэ.

## Кубэм доIэпыкъу

**Урысейм и МЧС-м и къеГъэлакIуэхэр Кубэм ихьэкIуэнущ, «Сэнди» ныдэм и зэран зэкIахэм ялэIэныкъуэ папщIэ.**

Махуэ зыбжанэ хъуауэ Кубэм, Канадэм, США-м я щIыналъэхэм щыта жьапщэщхуэмрэ пыдзэмрэ щIыху 60-м щигъу хэкIудащ, куэд дыдэ псэупIэншэу кьигъэнащ.

МЧС-м и кхъухьлъатащкIэ Кубэм яшэнущ зыхуеину Iэмэмасакэр, ерыскыпхьэхэр, хущхьуэхэр.

## Мы махуэхэм

**ЩкIуэгъуэм и 1,** *махуэку*

**u Суд приставым и махуэщ**

u Илъэс 15 и пэкIэ лэжьэн ищIадзащ «Щэнхабзэм» урысейпсо къэрал телеканалым.

u 1922 гъэм Налшык парт школ къыщызэIуахащ.

u 1936 гъэм Налшык урыс драмэ театр къыщызэрагъэпэщащ.

u Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **Губэшыкl Жантемыр** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

u 1947 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ШыгъушэХъэсэн.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэритымкIэ, Налшык уфауэ, уэшх мащIэ кьыщешхыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым - 9 - 10 щыхьунущ.

**ЩкIуэгъуэм и 2,** *мэрем*

u Къэрэшей лъэпкъыр хэкум щрашым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм екъулIа Iуэхуэхэр КъШР-м щокIуэкI.

u Тыркуэмым и къалащхьэ Ашхабад кьыщыкIуах СНГ-м хьыкъэ къэралхэм я унафэщIхэм я Советым и зэIущI.

u 1942 гъэм Къэбэрдей бгыльагъэ заповедникыр къызэрагъэпэщащ.

u 1940 гъэм къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Молэ Владимир.**

u Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Бгъажьнокъуэ Барэбий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

u 1951 гъэм къалъхуащ геологминерал щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, Тыркумэнымрэ УФ-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Абыкъуэ Лейлэ.**

u УсакIуэ, журналист **Льостэн Муэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэритымкIэ, Налшык уфауэ, уэшх мащIэ кьыщешхыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым - 9 - 11 щыхьунущ.

**ИлъапэIэр зыгъэхъэзырар ЖЪЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iуэщыгъэ:**

**Къуэщ зимыIэм башым Iэплlэ ирешэкI.**

# Адмиралыр ягу къагъэкIыж

**Къэралым и Ищхьэрэ флотым и унафэщIу щыта Головко Арсений и фэеплъ Кавказ Ищхьэрэм и къалэхэм футболымкIэ гъэкъэ ирагъэкIуэкI зэхъэзэхуэр нобэ къыз1уах. Прохладнэ къалэм и Сабий стадионым щекIуэкIыну зэпеуэм мы гъэм хэтщ Налшык, Есэнтыгу, Грозн, Мэздэгу, Прохладнэ къалэхэм, Курская станицэм я спорт школхэм къикIа командэу 8.**

ХАБЗЭ зэрыхьуаэу, турнирыр къыщыкIуаткIэ ирагъэкIуэкI парадым и яп сатырым хэту къриКIуэнущ Урысейм и Дзэ-тенджыз флотым и ныпхэмрэ дамыгъэхэмрэ зыIыгъэр. ГуфIэгъуэ дауэдапщэм хэтынущ хьащIэ ЗлапIэхэр: адмиралым и къуэш Головко Павел и къуэ Василий, ветеранэм я къалэ, район советхэм, къалэ администрацэм я ЛIыкIуэхэр.

Прохладнэ къалэм футболымкIэ и сабий-ныбжьыщIэ зэпеуэ щыкIуэ Луконин Юрий къызэрыджIамкIэ, зэхьэзэхуэхэр Сабий стадионым алэрыбгъуэкIэ къыщIыкIа и дзэгупIэм щекIуэкIынущ щэкIуэгъуэм и 1 - 5-хэм. Зэхьэзэхуэм щытекIуа командэмрэ увыпIэ лъагэ зыубыдахэмрэ кубокэр, медалхэр иратынущ.

**ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.**

# Мэлбахъуэ Елбэрд и фэеплъу

● Дыгъуасэ



*Сурэтхэр* **ЕЛЪКЪАН Артур** *трихащ.*

**Адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ Мэлбахъуэ Елбэрд Гимбэрэ и къуэм и фэеплъ пхъэгъэр зыщIэса унэм (Лениным и уэрам, 25-м) дыгъуасэ щыфIащащ.**

МЭЛБАХЪУЭ Елбэрд и рассказхэр, зэридзэкIа и тхыгъэхэр ящу кьыщыдэкIар 1965 гъэрщ. Ауэ абыхэм кьакIэлъыкIуа и тхыльхэрщ ар цIэрыIуэ зыщIар. Апхуэдизэщ «Наш дом - Кабардино-Балкария», «Набирая высоту», «Воспоминания охотничьей собаки», нэгъуэщIхэри. Мэлбахъуэм и тхыгъэхэм сыт щыгъуи гулыитэ хэха щыхуищIырт къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм. А Iуэхугъэрщ зытеухуар абы и къалэмыпэм кьыщIэкIа «Iуащхьэмахуэ кIуэ гъэзэгу щынагъуэт», «Щумыгъэпщкlуам кьыщыдыхьхьуэ» романхэр.

ТхакIуэ гъэззэдэм и фэеплъ пэкIур къызэIуихащ икIи абы кьыщыпсэльащ Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Дол Анжелэ, Мэлбахъуэм и ныбжьэгъуфIу щытахэу Тау Пщыкан, Вэрокъуэ Владимир, Хьэфыщ1э Мухьэмэд, профессор Емуз Анатолэ, усакIуэ Бегиев Абдулыхь, и щыпхъу Ольгэ сымэ.

**КЪАНЩОКЪУЭ Мэлычыпхъу.**

# Гу зылъытапхъэ

IУЛЪХЬЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхухэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8 (8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

## Я нэхэм къафIэнэ псори...

• Зэрыпсхъуакlуэхэр

**Мы гъэм и дыгъэгъазэр къэсыху къэрал компаниехэр къапыкIыж хуейбл, сэлэгъэ зыпэрыт Iэнатlэхэм емыгъэщIыдIа Iуэхуэхэм, Гъатхэ кIуам ар къиГъэващ Медведев Дмитрий. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, «а компаниехэм сыт къапэщIэхуэми къащIэху, щхьэусыгъуэ гуэрми ямыIэу». Мелардыдыжьэхэм Iэмал зэримыIэужьыгъуэхэмкIэ зыIэрагъэхьащ мыльку хушхуэ дыдэ. Иджы ахэр хущIокъу яГъуэт псори зэрапхъуэну. КъыщIащэхум и щхьэусыгъуэ зэрыныкъуэхэм деж гурыIуэгъуэщI.**

### Нэхъыббхукlэ нэхъыфIщ

1990 ГъЭХЭМ ирагъэкIуэкIа приватизацэм кърикIуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ мелардырыбжэ зыкъызыхъхэм Iэнатlэ зэмылIуэужьыгъуэхэр зэрыхьэIэщIалъхьар. Ахъшэхуэ дыдэ зыIэрыхьа олигарххэм сыт къапэщIэхуэми зэрапхъуэу щIадзащ.

Псалъэм и хьэтыркIэ, бгъуруда, металлургие, финанс компаниехэм мелардэр Усманов Алишер къыхуахьащ. Арщхьэкlэ 2000 гъэм икуэзм хьэрычэтыщIэр связым дыхьэхащ («Мегафон» сотовэ операторым и акцэхэм я процент 30-р). Мы зэманым абы еIщ «Коммерсантъ» тедзапIэ унэр, 7ТВ, Муз-ТВ федеральнэ каналхэр зыгъэлажьэ медиахолдингым и зэхуэдитIыр.

Иджы Усмановым Интернетым зритащ - абы и акцэхэр жыдэжру кIещэху. ЩIыдгъужьищ, «Арсенал» футбол клубым и акцэхэм я процент 27-ри зыIэригъэхьащ.

Ди къэралым щыщ кIуледжьхэм ящыщу ятпэу спортым зи гупэ хуэзгъэзащIыдагъэкIэ мылъкушхуэ «къэзыугъуе» икIи 2003 гъэм Иджыдыдзым и «Челси» командэр а клубым телъ щIыхуэхэри и гъуэгу - а зэманым ар фунт стерлинг мелуан 80-м нэблагъэрт - къэзыщIэхуа ГъЭрэмович Романщ. Абы лъандэрэ командэм ахъшэкIэ и зэфIэкIкIи куэдкIэ ефIэкIуащ. Ауэ «Торпедо-ЗИЛ» ФК-р кIуэцIрызыгъэхуар нэгъуэщI олигарх, Мамут Александрщ. Абы 2009 гъэм а клубыр щIэнищэ дыдэу - зы доллар закъуэкIэ - зыIэригъэхьащ, арщхьакIэ мыгъуэу ар иутIыщыжащ зиз дивизионым щыхэмыхьэфым. «ЛУКОЙЛ» ныбжьыкIэ компанием и акционер нэхъыщхьэхэм ящыщ Федун Леонид 2003 гъэ лъандэрэ «Спартак» ФК-р Iэщlэльщ, арщхьакIэ а Iуэхуэм иригушхуэуи пхужьIэнукъым, командэр екъулIэныгъэкIым, командэр екъулIэныгъэхуэкIэ кIаХэщыр-кIыми. Зыщыгугъыр МоскващIауэ «Спартак» стадионым хэхъуэ кIыхуихьыжынырщ. Лъэжьыгъэр сом мелард 11 хуэдизэ и уасэщ

• Афиян

## Куэд зэпищIэрт

**Урысей щIыхьб Виноградовэ Дарье Доминикан Республикэм и властхэм къратыжащ наркотикхэр зэрызэригъэкIуэкIымкIэ щыгъэкъуанщэ Урысеим. Ар щыжаIащ УФ-м и Прокуратурэ Нэхъыщхьэм.**

НАРКОТИКХЭМ пэщIэтыныкъмкIэ Iэнатlэм и пресс-Iуэхущапlэм и унафэщI, полицэм и генерал-майор Карташов Николай зэрыжиIамкIэ, Виноградовэм теухуа уголовнэ Iуэхур эхэгъэкI кьалащхьэм и хабзэхэхуэхэм.

Следствием кьитахэм ятепщIыхьмэ, Виноградовэр яхэтащ Доминиканыр зи хэщапlэ наркобаронхэм. Абы а къэралым щыпсэухэм кьищIнэмыщIауэ яхэтт Урысейм, Украинэм, Молдавием я щIыхуэхэр. ЩIэныгъэ коканыр Урысейм къэщэныр. Доминиканхэмрэ зэпыщIэрэ Виноградовэрт, - кьыхиГъэщхьэхуклащ Карташов.

Абы жиIащ хабзэхъумэхэм 2008 гъэм щIэпхьаджащIэхэм гу зэрылытагър. Ебы щIыхуэбзыр кьыщIащIагъэщар 2009 гъэрщ. Абы щIыгъуэм Виноградовэр ящхь итащ наркотик Урысеим кьриГъэщIну. Щереметьевэ аэропортым щаубыдат ар къэзыщIэ щIалитIыр.

**БОГДАНОВ Владимир.**
*«Российская газета».*

• Уасэхэр

## Ерыскъыр зышхыр... Iулъхьэрщ

*Дэтхэнэ лы, нэкуль, бдзэжьей, кхъуей килограмми, шэ литрми дэ сомитI ящхьщIдотыкI Iулъхьэм и зэранкIэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, арщхьэмкIэ хэзырычэтыщIэхэм зы-Iэрагъэхьэж тхылъыр яГъэхьэзырыныр текIуадэхэр.*

КъАПЩТЭМЭ, сомИ 120-рэ зы мазэм хуоэз ерыскъыхэкIхэм егъэщIыла ветеринар тхылъхэр зэрагъэпэщыни. ЖытIэнщи, къэралым зы илъэсым мы Iэнатlэм щIыпlэкIуэд сом мелард 30-м нэблагъэ.

«Россельхознадзорым» и унафэщIым и къуэдзэ Власов Николай шэч кьыгтрихьэрэ-кьыж а ахъшэр щэхуакIэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, фэрэ дэрэ, ди жьэп кьыз эрырахьм. Абы и Iуэхущапlэр илъэс ещанэ хьуауэ хущIокъу зи гугъу тщIы тхылъхэр электрон теплъэ яIэу ягъэхъэзырыным. Абы и телъхьэхэр нэхъыбэ хуэщIу, мы Iуэхур ипlэ икIыныкIэ гугъапlэ щыIэщ.

**- Николай, ООН-м и Ерыскъыпхэ, мэкъумэшхэмI зэгугъхьэныгъэм (ФАО) хуегъэфащэ мы илъэсыр нухьыку ерыскъым и уасэр хуабжьу дэкIуеинну. Тегъэщапlэ ящIыр гъэр уэгъуу зэрыщытагъ. Уэ апхуэдизкIэ къэплъыгъэр?**

- Мы зэманым а Iуэхум куэд ирисондзэжр. Арщхьэкlэ гу лъыбзэгъэтэнщ мы Iэнатlэр зэрыщIадзэу зэрыщытым: зы щIыналъэм гъавэр кьащIмэ-хьулIамэ, нэгъуэщIыпlэм ар бэву кьыщрахьэлIауэ кьыщIокI. Уасэхэр, дауи, тещIыхьащ дунейм и щытыкIэм, лэжьыгъэхэм трагъэжьэдар зыхуэдизым.

Ветеринар - хуит зыщI тхылъэр тедзэным я закъуэ Урысеим зы илъэсым сом мелардитIым нэблагъэ щытрагъэкIуэд. Аэор тхылъэжь зыпэщIэ лэжьакIуэхэм улаху етын хуейщ. Абыхэм я фежь апхуэдизэ ахъшэ макIуэ. Дэ кьэтхьыр бжьыгъэ нэхъ мащэ щIадзэхэрщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, зыгъэкIэ едгъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэхэм кьагъэльэгъуащ зи гугъу тщIы Iуэхуэхэм сом мелардитI 10 текIуадэу. Арщхьэкlэ бизнесым я сэбэп зыхэлъэхэри щыIэщ. Аращи, ветеринар тхылъхэр тхылъымпIэкIэ ягъэхъэзырыным псори зэхэту сом мелард 30 текIуадэ. ХьэрычэтыщIэхэм я ахъшэр хагъэхъэ ерыскъыхэхэм я уасэм.

ИкIэм-икIэжьым хильафэр щэхуакIуэрщ.

**- КьыдгурыгъаIуэт ерыскъыпхъэхэр зыгъэхьэзыр, зыщэ Iуэхущапlэхэм апхуэдизэ ахъшэ яфIэкIуэдыныр кьызыкIыр.**

- Сату Iэнатlэр щапхъэу кьэдгъэльэгъуэнщ. Тыкуэн 30 хуэдизым ядлажьэ складхэр щыIэщ. А складым щIашу тыкуэнхэм яшэн хуейщ кIэкулыр, кхъуейр, лыр, бдзэжьейр. Дэтхэнэми дыщIагъу ветеринар тхылъ, ауэ езы ерыскъыр зыхуэдэм теухуауэ мащIэщ абы кьыщыбгъуэтынур. Апхуэдэ тхылъхэр ят законодательствэм кьыззэригъэувым кьхъэкIыу. Тхылъхэр зэгъэпэщыным зэманышхуэ тохуадэ. А тхылъымпIэ псоми ахъшэ щIатын хуейщ.

**- ФэрэкIуэбжьа лы хэмылъу нэкуль ягъэхьэзырыныр хуит зыщI апхуэдэ тхылъхэр нэхъ псынщIэу зыIэрагъэхьэн папщIэ Iулъхьэу ятыр зыхуэдизым?**

- Дэ кьыдолытэ нэхъ ерыскъыкIэ пудым, псалъэм и хьэтыркI, селедкэм и зы тонным и сертификатыр сом 500 и уасэу. ЕрыскъыкхэкI нэхъ лъапIэм и тхылъым и уасэр ежь мини 5 - 8-м нэсанкIэ мэхъу. Ветеринар тхылъхэр илъэс кьэс тонн мелуан 15 хуэдизым зэрыхуатхым тепщIыхьмэ, дэ зы ерыскъыпхъэ килограммыр сомитIкIэ нэхъ лъапIэу кьэтщэхуу кьыщIедз.

**- Сыт фщIэр а псом кIэ гуэр иIэн щхьэкIэ?**

- Дэ кьэдгупсысащ хьыбар зэрыригъащIэ Iэмал щхьэхуэ. Абы зэредэкIэ «Меркурий-щ. А Iэмэпсымэм Iэщlагъэлlэхэр хэмыту сертификатхэр секунд бжьыгъэм егъэхьэзыр.

Абы кьыдэкIуэу дэтхэнэ инспекторми сертификатым и тэмэмагъэр кьиплъэтIэнкIынущ. Псалъэм и хьэтыркIэ, смартфонри и щIэгъэкъуэну. Абы кьокI ахъшэ куэд зытекIуадэ тхылъымпIэхэр кьамыгъэсбэлэмэ хьуну - сыт хуэдэ тхылъымпIи хуеиухэкъым. Тхылъхэр зэрагъэхьэзыр электрон Iэмэпсымэм Iэмал кьует ерыскъыпхъэр гъэхьэзырыным, ягъэгъэзэным, щэным егъэщIылIа Iуэху псоми уаIэлъапlэныну. Нэхъыщхьэращи, абы кьызэрегъэпэщ ерыскъы кьэзыщIэхухэм я щынагъэщIагъэр.

Иджы благъэ сэ зэIуцIэ езгъэкIуэкIащ лыхэкIэхэм елэжьхэм, зыщэхэм я зэгухьэныгъэ инхэм я Iэтащьхэхэр зыхэта зэIуцIэ. Ахэр псори электрон certificatхэм и тельхьэщ.

**- Хэт атI зымыдэр?**

- «Меркурий» Iэмэпсымэр илъэсищ и пэкIэ кьагупсысауэ щытащ. Абы лъандэрэ бзэнэныгъэр ужьыхьркъым. Апхуэдэ Iэмэпсымэ кьагъэсэбэныну псом япэ хуэмейр зэхьжьвакъжьвышхэхэр. IэмкIэ тхылъхэр зыгъэхьэзырэмэ зыкъыпытщIасэ. Гурыйуэгъэхуэ кьыхьыхэкIыр - гугъу демыхьу ахъшэ кьалэжь.

Апхуэдэу Iуэхур ялъахъэ кьэнэнут. Ауэ хабзэм ипкъ иткIэ, зы кандидат фIэкIа зыхэмыт хэхьныгъэхэр ирагъэкIуэкI хьунутэкъым.

ДДПР-м и кандидатым тышу лъэныкъуэ зригъэзащ - апхуэдэ лъэбакъэу ичыну ар хуит кьашIащ и парт унафэщIхэм. Арщхьэкlэ «Яблоко»-м щыщ Пономарев хуагъэуащ имыкIуэтыну.

«Мы зэманым Пономарев хуабжьу кьытракъуэ и кандидатурэм кьрагъэзэгъэн мурадкIэ, - жиIащ «Яблоко»-м и унафэщI Митрохин Сергей, хэхьныгъэхэр екIуэкIын и пэкIэ. - Сэ сыщогугъ ар апхуэдэ текъуэныгъэм пэлъэныну икIи екъулIэныгъэ иIэу мы щытыкIэ тугъуэм кьикIыфыну. Ауэ икIуэтмэ, сэ Iуэху кьэсIэтынущ ар ди партым хадзыну».

Партым кьыхахагъэкIынкIэ шынагъэ щыIэ пэтми, Пономарев и кандидатурэр Iуихьыжащ, кьыззэрыгъэкIуэм пэмыльэныу. Ауэ Суд Нэхъыщхьэм «Урысей зэкъуэтым» и щIыхь хэхьныгъэхэм хэтыну хуит ищIыжащ общасть судым и унафэр икьутэжри. Абы кьыхэкIыу, губернатор хьуащ.

Митрохиным езым и псалъэр иныгъащ икIи Пономарев «Яблоко» партым хэдзыным теухуа Iуэхур тхьмахуэ махуэм бюром иригъэкIуэкIа зэIуцIэм кьыщыхилъхьащ. ЖытIэнщи, ихьэапм партым зэIуцIэхэр зIухуэу иригъэкIуэкIыу щытамэ, иджырейм журналистхэр щIагъэхьакъым.

Зэрыгъэгъущ, «Яблоко»-м политикэм нэхъри нэхъапlэ иригъэщIуэдзэщ ямысыр. Арщхьэкlэ ар дах пивэу щагъэхьэзырыр нэхъ мащIэщ икIи абы дах зэрыгъэкIэрыхуэнум щэч хэлъкъым.

**МОРОЗОВЭ Валерие.**
«Московский комсомолец».

• Фадэ

## Тэмму бгъэдыхьэркъым

**Дунейм нэхъ фадэ куэд щагъэкIуэщI къэралхэм я дежУрысеим нэхъабэ епlдIанэ увыпIэр щиубыдащ. 2010 гъэм икуэту дэтхэнэ урысейм ящыщ алкоголь дыдэу дитр 15,8-рэ хуэзащ. Зэрыщыту дунейм а бжьыгъэр зэрыщыхъур литр 6,1-рэщ. УзыншIагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм къытахэм ятепщIыхьмэ, урысей цIыхухъухэм я процент 20-р фадэм епха щхьэусыгъуэхэм илIыкIащ.**

ХЪЫБАРЫЩIЭХЭМ щыгъуазэ дищIащ Роспотребнадзорым и Iэтащхьэ Онищенкэ Геннадий: Урысеим фадэм итхьэкъуахэр щIыху мелуани 5-м щыщIигъащ.

Властхэр егутIу хуэдэщ мыбы зыгуэр иращIын. Ауэ абы и лъэныкъуэкIэ зэфIигъэкI лэжьыгъэм къикIыщхуэ щыIэкъым. Уегупсыс зэрыхъумкIэ, абы и къарур нэхъыбэу зрихьэлIэр алкоголь макъ-щIэ зыхэт фадэ лIэужьыгъуэхэу ирафыр яригъэтэмэщIэнырщ. Ар хыболъагъуэ хэзгъэлым и акциз политикэм. Псалъэм и хьэтыркIэ, иужьрей илъэсищым пивэм и акцизыр хуэди 4-кIэ нэхъ лъапIэ хъуащ икIи абы кьыщцIыбыIэну кьыщIэкIынукъым. Абы кьокI урысейхэм фадэ нэхъ гуащIэхэр къыхахыну - ахэр нэхъ пудщ.

2011 гъэм Урысеим и цIыхухъэм ящыщ дэтхэнэмри хуэзэу пивэ литр 64-рэ щрафащ. Фадэ гуащIэхэр щафIэмыщI Германиеи а бжьыгъэр литри 120-рэ щыхъуащ. ЩIэупщIэр зэрехуэхам кьыхэкIыу, мы Гъэшащхьэм хьумэнымкIэ щыщыщIэдзауэ фокIадэр кьэсыху ди дежи пивэу щагъэхьэзырыр нэхъ мащIэщ икIи абы дах зэрыгъэкIэрыхуэнум щэч хэлъкъым.

**МОРОЗОВЭ Валерие.**
«Московский комсомолец».

• Дунейм и телъыджищэ

**Индонезием щыIэ Боробудур тхьэ елъэIуплIэр Явэ хьтIыгум и мэз Iувхэм хэгъэпщкIуащ. 1991 гъэ лъандэрэ ЮНЕСКО-м ар Дунейпсо хьугъуэфIыгъуэу кьилытауэ, и щытыкIэмк кIэлъоплъ.**

**Инджылыз щIэныгъэлI, дунейр зэрыгъэлъагъуэу кьэзыкIухь, Синганпур кьалэр зыкъуэ, Явэ хьтIыгум и губернатору 1811 - 1814 гъэхэм щыта Раффлз Томас Стемфордщ мыр кьэзыгъуэтэуэ щытар (1814).**

**Ар 750-850 гъэхэм яхуэдэу хуагъэфащэ, Явэ щыпсэу буддистхэм аращ тхьэ елъэIуплIэ нэхъыщхьэу яIари. Ауэ ар ябгьынэ хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэр щIэныгъэлIхэм нобэми яхуэзэхэгъэкIакъым. Нэхъыбэм зыхуагъэфащэр вулканыр кьыщыщIудар абы кьызэрымыкIуэу зэран зэрыхуэхъуарщ.**

**Вулкан сакуэмрэ мэзымрэ щIигъэнэ тхьэ елъэIуплIэр кьыщIагъэщыжыным щIэныгъэлIхэр 1973 гъэ лъандэрэ йолэжь. Зэрыфлъагъущи, телъыджэщ ар.**

• Ингуш

## Iэтащхьэм фепсалъэ

**Республикэм и Iэтащхьэ Евкуров Юнус-Бек щIыналъэр щыщыгъуэ экстремизмым и гъэзэгум теуваХэм захуигъэзащ мамыр гъащIэм хьыхьжьыну кьыхуриджэну. Абы Интернет-блогымкIэ зэзым и жьэп телефоным и номерыр игъэнэIуащ, кьыхуейр къепсалъэфIн хуэдэу.**

ЕВКУРОВЫР щIэпхьаджэхъэм я гъэзгум техьа и лъахэгъуэм йолъэIу «терроризмым и бзаджэнаджагъэр кьызыгурыIуа дэтхэнэри абы къыпыкIыну.

Ингушым и Iэтащхьэм «мэзым кьыщIэкIыу» кьэзыгъэзэж икIи зыхиущIыхьахэм хущIегъуэж дэтхэнэри гъащIэм хэзгъэжьыныкIэ, нэхъыщхьэращи, яхьыну тезыгъэр хэхъ щабэ ящIыныкIэ ядэIэпыкъуну кьеГъэгугъэ.

«Сэ фIы игу илъу кьэзыгъэзэж икIи зыкъэзыт дэтхэнэри кьызогъэгугъэ абы Iэмал псори я кьыхуэзэгъэпэщыну икIи сыкъыщIхьэщIыжыну. Дыхуейкъым фи кьэращагъэкIэ зыгуэрэм я анэхэмрэ щхьэгъусэхэмрэ гъыну, абыхэм фи Iыхьлыхэри яхэту. Дэ дызыхуейр гъащIэ дахэщ, мамырщ. Хабзэм ебакъуэ дэтхэнэ ди цIыхури республикэм и цIыхущ, ди лъэпкым щыщщ. Мы зэманым щIыналъэм и унафэщI сэ абыкIэ жэуап сохь», - кьыкиГъэщхьэхуэкIащ Евкуровым. Мы Iуэхумкlэ щэсIапlэ ивэу республикэм и Iэтащхьэм езым и жьэп телефоным и номерыр яритащ (8-928-093-29-29). АбыкIэ псалъэ дэтхэнэми я упщIэ псоми жэуап яГъэтынущ.

**КИСИН Сергей.**
*«Российская газета».*

## Я жьIэ емыдаIуэ хуейкъым

• Къаугъэ

**«Яблоко» партым хадзащ Пономарев Андрейр» Резник Максимрэ. Яшэр партым и бринк кьудамэм, адрейр интересыкъудамэм я унафэщIу щытащ. Апхуэдэу «Яблоко»-м хагъэкIащ, кьызэралытэмкIэ, дыгъэгъазэм екIуэкIа щIыналъэ хабзэгъэув хэхьныныгъэхэм кьрикIуахэр ззыкъэжьаХэм щIэныгъэкIыжьыныгъэхэм кьыщIэкIуэн имыкIуэтыну.**

БРЯНСК областым и губернаторым и кандидатэр пIы хъурт - «Урысей зэкъуэтым», ЛДПР-м, КПРФ-м, «Яблоко»-м, кьабгъэдэкIыу. Арщхьэкlэ область судым «Урысей зэкъуэт» партым кьыгъэльэгъуа кандидатыр итхьин идакьым, абы щыхькIэ Iэ зыIэтыну хъэщIу кьагъэльэгъуа уиэнхэм гъэпцIагъэ халъхьауэ кьалытэрэ. Абы кьыхэкIыу Брянск областым и Тащхьэ хъуи хуеяр властым и партым щымыщ губернаторт.

Ар кьымыгъэхъуэн, пIыщ, администрацэм ЛДПР-мрэ «Яблоко»-мрэ ящыщхэр ирихулIауэ езыхэм я щIыхуи кьамыгъэльэгъуну. Абы щыгъуэ коммунистыр езым и закъуэу щIыхьмэ, дэ зы ерыскъыпхъэ килограммыр сомитIкIэ нэхъ лъапIэу кьэтщэхуу кьыщIедз.

**- Сыт фщIэр а псом кIэ гуэр иIэн щхьэкIэ?**

- Дэ кьэдгупсысащ хьыбар зэрыригъащIэ Iэмал щхьэхуэ. Абы зэредэкIэ «Меркурий-щ. А Iэмэпсымэм Iэщlагъэлlэхэр хэмыту сертификатхэр секунд бжьыгъэм егъэхьэзыр.

Абы кьыдэкIуэу дэтхэнэ инспекторми сертификатым и тэмэмагъэр кьиплъэтIэнкIынущ. Псалъэм и хьэтыркIэ, смартфонри и щIэгъэкъуэну. Абы кьокI ахъшэ куэд зытекIуадэ тхылъымпIэхэр кьамыгъэсбэлэмэ хьуну - сыт хуэдэ тхылъымпIи хуеиухэкъым. Тхылъхэр зэрагъэхьэзыр электрон Iэмэпсымэм Iэмал кьует ерыскъыпхъэр гъэхьэзырыным, ягъэгъэзэным, щэным егъэщIылIа Iуэху псоми уаIэлъапlэныну. Нэхъыщхьэращи, абы кьызэрегъэпэщ ерыскъы кьэзыщIэхухэм я щынагъэщIагъэр.

Иджы благъэ сэ зэIуцIэ езгъэкIуэкIащ лыхэкIэхэм елэжьхэм, зыщэхэм я зэгухьэныгъэ инхэм я Iэтащхьэхэр зыхэта зэIуцIэ. Ахэр псори электрон certificatхэм и тельхьэщ.

**- Хэт атI зымыдэр?**

- «Меркурий» Iэмэпсымэр илъэсищ и пэкIэ кьагупсысауэ щытащ. Абы лъандэрэ бзэнэныгъэр ужьыхьркъым. Апхуэдэ Iэмэпсымэ кьагъэсэбэныну псом япэ хуэмейр зэхьжьвакъжьвышхэхэр. Iэмкlэ тхылъхэр зыгъэхьэзырэмэ зыкъыпытщIасэ. Гурыйуэгъэхуэ кьыхьыхэкIыр - гугъу демыхьу ахъшэ кьалэжь.

Апхуэдэу Iуэхур ялъахъэ кьэнэнут. Ауэ хабзэм ипкъ иткIэ, зы кандидат фIэкIа зыхэмыт хэхьныгъэхэр ирагъэкIуэкI хьунутэкъым.

ДДПР-м и кандидатым тышу лъэныкъуэ зригъэзащ - апхуэдэ лъэбакъэу ичыну ар хуит кьашIащ и парт унафэщIхэм. Арщхьэкlэ «Яблоко»-м щыщ Пономарев хуагъэуащ имыкIуэтыну.

«Мы зэманым Пономарев хуабжьу кьытракъуэ и кандидатурэм кьрагъэзэгъэн мурадкIэ, - жиIащ «Яблоко»-м и унафэщI Митрохин Сергей, хэхьныгъэхэр екIуэкIын и пэкIэ. - Сэ сыщогугъ ар апхуэдэ текъуэныгъэм пэлъэныну икIи екъулIэныгъэ иIэу мы щытыкIэ тугъуэм кьикIыфыну. Ауэ икIуэтмэ, сэ Iуэху кьэсIэтынущ ар ди партым хадзыну».

Партым кьыхахагъэкIынкIэ шынагъэ щыIэ пэтми, Пономарев и кандидатурэр Iуихьыжащ, кьыззэрыгъэкIуэм пэмыльэныу. Ауэ Суд Нэхъыщхьэм «Урысей зэкъуэтым» и щIыхь хэхьныгъэхэм хэтыну хуит ищIыжащ область судым и унафэр икьутэжри. Абы кьыкIэ, губернатор хьуащ.

Митрохиным езым и псалъэр иныгъащ икIи Пономарев «Яблоко» партым хэдзыным теухуа Iуэхур тхьмахуэ махуэм бюром иригъэкIуэкIа зэIуцIэм кьыщыхилъхьащ. ЖытIэнщи, ихьэапм партым зэIуцIэхэр зIухуэу иригъэкIуэкIыу щытамэ, иджырейм журналистхэр щIагъэхьакъым.

Зэрыгъэгъущ, «Яблоко»-м политикэм нэхъри нэхъапlэ иригъэщIуэдзэщ ямысыр. Арщхьэкlэ ар дах пивэу щагъэхьэзырыр нэхъ мащIэщ икIи абы дах зэрыгъэкIэрыхуэнум щэч хэлъкъым.

**МОРОЗОВЭ Валерие.**
«Московский комсомолец».

## ЩремыIэ тутыныр!

• Узыншагъэ

**Правительствэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ узыншагъэр хъумэным. ЗэIуцIэм хэтхэм кьаIэтащ Iуэхугъуэщ: тутын емыгъэфным теухуа бзнэныгъэр, урысей хущхьэхэр яГъэхьэзыру щIадзэныр, дыкъэзыухъурейхэм щIыгъэнсыр хъумэныр. Тутыным и бий законопроектыр итъэсым и кIэм нэсыху кьащтэн хуейщ. Аращ премьерым нэхъыбэу зытригъэщIаРи.**

- УРЫСЕИМ тутын ефэнымкIэ дунейм ящэ увыпIэр щыIыгъащ, - жиIащ Медведев Дмитрий. - Сыт ебы кьыкIи ящхьэпIэкIэ? Дэ ди къэралыр псоми кьаэрыкIэрыхуарщ. Тутын щефэ хабзэр зи Iуэху нэхъ щымыщIагъуэ дыдэхэрщ. Дунеи псом щыхуэцIокъу узыншагъэр хъумэным. Европэрэ итлъэс 20 - 30 и пэкIэ хуабжьу тутын ефэу щытащ, иджы а хьэл ейр зыхинаУ жьIпIэ хъунущ.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм кьитахэм ятепщIыхьмэ, ди дежи а щхьэхуэр щIыуащIыкIыу мелуан 44-м - къэралым и Iыхьэ щанэм. Тутыну ящэм и куэдгъэмкIэ Урысеим дунейм етIуанэ увыпIэр щиныгъащ, ятэ итыр Китаим и закъуэщ, ауэ абы и щIыхуэр хуэдэ Iэджэкlэ нэхъыбэщ. Кlэщlу жьIпIэмэ, а бжьыгъэхэр хуабжьу узыптэгузэщ.

- Псом нэхърэ нэхъ Iейр тутын емыфэхэми я процент 80-м абы и Iугъуэр зэрыщIагъэхурщ, - кьыхиГъэщащ премьерым. - Дэ нэгъуэщIи и щхьэхъ зэзыгъэкIуэлIэну хуэмейхэм дакъыщхьэщыжьын хуейщ. Уеблэмэ тутынафэхэм я Iыхьэ щанитIми зи гугъу тщIымкIэ арэзыщ. Илъэс кьэс тутыным йолIыкI цIыху мин 400 хуэдизэ. Iуэхур хуабжьу хэпшIыкIащ. Сэ кьыкIэпхьэгъэ кIыхьуеджэныгъэ кьудейхэмкIэ ар зэфIэмыкIыну.

Премьерым и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, экономикэ Iэмалхэр кьэгъэссэбэпын хуейщ. Япэрауэ, псынщIэу дэуеинуу тутыным и акцизхэр. Итлъэс тIуанэм абы и уасэм хуабжьу хэхъэнущ. ЕтIуанэрауэ, ди мурадщ тутынхэр кьоскъэм щедмыгъэщIну. Ещанэрауэ, 2015 гъэм щыщIэдзауэ шхапIэ ящIыныр - сыт ебы кьыкIи-ар - кафеэм, ресторанхэм, бархэм тутын щрагъэфэнукъым.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм зэрыщыкъуагъэфащэмкIэ, абы и фIыгъэкIэ илъэс зыбжанэм кьриубыдэу тутын ефэхэм я Iыхьэ Iыхьэ щанэмкIэ кIэрыхуныр. Тутыным и акцизэр хуабжьу кьыззэрэтым кьыхэкIыну, бюджетым Iэрыхьэ хэхъуэр хуэдэ зыбжанэкIэ нэхъыбэ хъунущ. Правительствэм хэтхэр арэзы тетхуауэ законопроектым. Иджы абы хэппIэну хуейщ Къэрал Думэм и депутатхэр.

**БЕЛЯКОВ Евгений.**
*«Комсомольская правда».*

**НапэкIыжьыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.**